



Pou Piblikasyon Imedya: 02/07/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOJÈ TRANSFÒMASYONÈL POU DISTRI
STOCKADE KINGSTON LAN NAN KAD PRIM SIBVANSYON
10 MILYON DOLA A**

***Sis Pwojè Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil yo Ofri Espas Lib ak Enstalasyon
Piblik pou Kominote a, Amelyore Aksè a Espas pou Mache a Pye ak Aksè a
Transpò epi Sipòte Ti Biznis yo***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse sis pwojè transfòmasyonèl pou Kingston nan kad prim sibvansyon 10 milyon dola Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la (Downtown Revitalization Initiative, DRI). Envestisman estratejik k ap fèt nan Distri Stockade Kingston lan pral ofri espas lib ak enstalasyon piblik pou kominote a, amelyore aksè a espas pou mache a pye ak aksè a transpò epi sipòte ti biznis yo. Envestisman yo fè pati efò Gouvènè a kontinye ap fè pou revitalize ekonomi rejyon nò a epi kreye plis opòtinite pou rejyon Mid-Hudson Valley a.

“Kingston te premye kapital eta nou an epi li gen opòtinite pou l vin tounen yon sant enèji ekonomik ak antouzyas alavni”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pwojè sa yo pral transfòme Distri Stockade la pou vin tounen yon katye dinamik, ranfòse ekonomi lokal la epi estimile kwasans toupatou atravè rejyon Hudson Valley a.”

Yo [te nonme](#) Kingston kòm yon ganyan 2èm Faz DRI la an septanm lan. Sou plan istorik, distri Stockade Kingston lan se te toujou sant vil la, ki genyen ladan l imèb biwo, biwo sèvis finansye ak pwofesyonèl, sèl makèt vil la, ak espas lwazi kle yo. Nan dis ane ki pase yo, anba lavil Kingston te eksperimente yon renesans ki te mennen a yon afliyans nouvo investisman ak yon reaparasyon nouvo kafe, restoran ak boutik. Kingston gen yon melanj investisman estratejik resan ideyal, opòtinite ki prèt pou konkretize alavni, enstitisyon ak patnè esansyèl angaje, amelyorasyon enfrastrikti resan, ak politik ak plan sipò pou lanse pwosesis planifikasyon DRI a.

Pwojè espesifik yo pral finanse atravè DRI a gen ladan:

Rekonsepsyon Lari Konplè Schwenk Drive la: Rekonfigirasyon Schwenk Drive la ant Washington Avenue ak Fair Street la pou l vin tounen yon lari konplè pou yo kreye yon koneksyon dezirab, kote moun ka mache a pye ki favorab a pyeton atravè Distri Biznis Stockade la (Stockade Business District), epi evantyèlman sistèm santye Kingston Greenline lan. Travay la pral gen ladan rekonfigirasyon liy sikilasyon yo, modènizasyon

kafou yo, ak amelyorasyon Lwa an Favè Ameriken ki gen Andikap yo (American Disability Act, ADA), ak kreyasyon yon nouvo liy estasyonman. (987,102 dola)

Modènize Estab Dietz la ak Pisin Andretta: ki se yon etablisman ki gen 2,000 syèj k ap sèvi kòm yon espas evènman prensipal pou espò òganize ki alafwa onivo lokal ak rejyonal yo. Yo pral fè amelyorasyon estrad yo, jè fontèn yo, kloti ak baryè yo, ekleraj, pòt-velo, vestyè ak twalèt yo, espas vant pwodwi alimantè, pano direksyon, ak espas pakin yo. Yo pral fè modènizasyon adisyonèl nan Pisin Andretta ak enstalasyon piknik lan, ki sitiye anfas Estab Dietz la. (2,500,000 dola)

Espas Vèt Istorik Pak Frog Alley a: Estabilize rès riyin kay istorik Louw-Bogardus House la epi kreye yon nouvo espas lib piblik olon Frog Alley a toupre riyin yo ki pral sèvi kòm yon pòtay pou antre nan Distri Biznis Stockade la. Friends of Historic Kingston pral ouvri sit la pou piblik apre yo estabilize riyin yo ak ajoute pano direksyon entèpretatif, asfalt, ekleraj ak enstalasyon pak yo. (472,500 dola)

Aksè a Distri Biznis Stockade la ak Amelyorasyon Sikilasyon an yo: Amelyorasyon aksè pou pyeton yo, sikilasyon woutyè, ak pano direksyon ki anndan Distri Biznis Stockade la, ki gen ladan amelyorasyon nan kafou ant Albany ak Clinton Avenue yo. Modènizasyon kle yo te idantifye nan plan transpò yo te fè avan yo pral amelyore sekirite ak navigabilite pandan y ap atire touris, magazen, restoran, ak aktivite biznis vini nan zòn lan. (1,340,398 dola)

Plaza Piblik Devlopman ak Pon Pyeton Kingstonian an: Ofri enstalasyon piblik nan yon nouvo devlopman Kingstonian a izaj miks ki koute 48 milyon dola ki pral transfòme yon sit ke yo pa vrèman itilize ase nan yon entèseksyon ki trè frekante lè yo ajoute 132 inite rezidansyèl; 8,500 pye kare espas komèsyal yo prevwa k ap gen yon melanj restoran ak magazen ladan; yon otèl ki gen 34 chanm; ak yon garaj estasyonman ki gen 420 espas pakin epi 250 ladan pral dedye a izaj piblik. Fon DRI yo pral ofri enstalasyon piblik anndan devlopman an pou amelyore enpòtans li gen pou kominote a, ki gen ladan yon plaza pyeton avèk yon pon pyeton k ap pwolonje Kingston Plaza a. (3,800,000 dola)

Pwogram Prè ak Ti Sibvansyon Distri Biznis Stockade la: Sipòte ti biznis sant vil la yo ak mèt pwoprite lè yo ofri asistans finansyè sou fòm ti sibvansyon ak prè pou fè amelyorasyon sible toupatou atravè sant vil la yo, ki gen ladan amelyorasyon fasad bilding ki nan Distri Biznis Stockade la yo; sipò pou nouvo biznis ak biznis k ap agrandi yo; ak reyabilitasyon pwopriete rezidansyèl yo. (600,000 dola)

Kingston te devlope yon Plan Envestisman Estratejik (Strategic Investment Plan) pou revitalize sant vil li a avèk jiska 300,000 dola nan fon pou planifikasyon k ap soti nan 10 milyon dola sibvansyon DRI a. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo te dirije efò sa a, epi yo te resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Envestisman Estratejik pou sant vil Kingston lan te egzamine resous ak opòtinite ki gen onivo lokal yo, epi yo te idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè kominotè ki aliye ak vizyon kominote a genyen pou revitalizasyon sant lavil la, epi ki deja pare pou yo mete yo sou pye.

“Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil inovatè nou an kontinye avèk investisman enpòtan yo anonse jodi a k ap fèt nan avni Kingston”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Gouvènè a avè m te travay pou nou mete yon konsantrasyon entans sou revitalizasyon Rejyon Nò New York la. Avèk pwosesis Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la (Regional Economic Development Councils, REDC) ak yon angajman solid nou pran anve kwasans, gouvènman eta nou an ap transfòme ekonomi vil rejyon nò tankou Kingston lan yo. Finansman yo te anonse jodi a pral pèmèt kominote sa a vanse vè lavan tankou jamè avan.”

Rossana Rosado, ki se Sekretè Eta nan New York, te deklare, “Kingston se yon trezò ki sitiye olon Rivyè Hudson lan. Investisman sa a pral plis prezève resous enpòtan sa a pou eta a epi pote menm plis fanmi ak travayè vin nan rejyon an. Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la ap ede kominote tankou Kingston lan yo reyalize potansyèl yo epi ogmante pozisyon yo kòm destinasyon vyab”.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zensky, te deklare, “Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la ap mete resous ak investisman sibler anndan kominote yo pou yo ka atenn objektif devlopman ekonomik onivo lokal alontèm yo. Investisman 10 milyon dola sa a ap pèmèt Kingston reyalize plan estratejik pou lanse nouvo kreyasyon djòb, akselere kwasans dinamik, ak revitalizasyon zòn sant vil la pou rezidan yo, vizitè yo ak biznis yo”.

RuthAnne Visnaukas, ki se Komisè Renouvèlman Kominote ak Kay yo nan Eta New York (Homes and Community Renewal, HCR), te deklare, “Atravè Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil Gouvènè Cuomo a, investisman k ap fèt sou direksyon kominote sa yo pral melanje ak investisman 591 milyon dola HCR ap fè nan rejyon Mid-Hudson Valley a pandan dènye setan ki sot pase yo ki te kreye lojman abòdab pou apeprè 20,000 rezidan pou ede asire ke ekonomi Kingston lan devlope, epi tout Nouyòkè gen opòtinite pou yo patisipe. Nan Eta New York la, nou santi nou gen chans paske nou gen yon gouvènè ki konprann kijan pou yo konstwi siksè ekonomik alontèm nan fason enkliziv”.

Senatè New York la, George A. Amedore, Jr. te deklare, “Sant vil dinamik yo esansyèl pou yon ekonomi k ap pwospere. Investisman sa yo pral ofri nouvo opòtinite, atire nouvo biznis epi debloke vrè potansyèl vil Kingston lan. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li rekonèt potansyèl rejyon Hudson Valley a avèk investisman sa yo ki pral ede stimile kwasans ekonomik pou anpil jenerasyon k ap vini ankò”.

Manm Asanble New York la, Kevin A. Cahill te deklare, “Nouvo finansman DRI sa a pral ede kontinye transfòmasyon k ap fèt nan kominote Kingston lan. Li pral jenere aktivite ekonomik pou tout rejyon an nèt. Pwojè sa yo ka kreye djòb, epi stimile opòtinite toupatou atravè rejyon Hudson Valley a. Sa a se yon lòt egzanp ankò ki montre kijan lejislati eta a ak Gouvènè Cuomo ap tandè bezwen kominote a epi y ap travay ak patnè lokal nou yo pou amelyore vil la ak stimile kwasans ekonomik”.

Chèf Egzekitif Konte Ulster, Michael P. Hein, te deklare, “Depi okòmansman an, Gouvènè Cuomo te konsantre sou investisman estratejik yo stimile onivo lokal nan rejyon Hudson Valley a ak nan Konte Ulster a k ap akselere kwasans toupatou atravè res rejyon an. Atravè vizyon li genyen pou yon apwòch devlopman ekonomik ki enklizif,

Gouvènè Cuomo ap bay rejyon yo zouti ak resous ki nesèsè tankou finansman DRI sa a ki vitalman enpòtan pou kominote yo reyisi epi pou ekonomi lokal yo devlope pi solid. Mwen felisite Gouvènè Cuomo pou lidèchip li ak angajman li pran pou l investi nan kominote nou yo”.

Majistra Vil Kingston Ian, Steve Noble, te deklare, “Toupatou atravè New York, Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil Gouvènè a te yon resous ki enpòtan anpil pou kominote lokal yo pandan n ap travay pou nou reyòganize ak revitalize katye nou yo. Pou Kingston, DRI a se yon chans pou nou ajoute sou pwogrè nou te fè deja yo ak debloke potansyèl konplè kominote nou an, epi avèk Eta New York la kòm koyekipye nou, nou ap akselere renesans vil la. Mèsi Gouvènè Cuomo pou tout pwogrè nou te atenn yo, epi mwen paka tann pou m wè kisa deplis nou ka akonpli ansanm”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)